



Pou Piblikasyon Imedya: 18/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SISPANSYON LISANS ALKÒL 33 BA AK RESTORAN ANPLIS POUTÈT VYOLASYON FLAGRAN RÈGLEMAN KI GEN RAPÒ AK KOWONAVIRIS YO, LANSE EFÒ RANFÒSMAN KI FOKIS SOU BA KI NAN ZÒN KOLÈJ YO**

*201 lisans biznis alkòl te sispann pandan ijans sante piblik la*

*Fòs entèvansyon milti-ajans lan te mennen plis pase 4,500 verifikasyon konfòmite semèn sa a, ki obsève 14 lòt vyolasyon nan Vil New York ak nan Long Island*

*1,084 akizasyon te depoze ak trete jiska jodi a, lis aktyalize sispansyon ak akizasyon yo disponib [ISIT LA](#)*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a eta a te sispann lisans alkòl pou 33 lòt ba ak restoran nan Eta New York apre li jwenn yo nan vyolasyon flagran Dekrè Egzekitif ki lye ak pandemi an, ki pote kantite total lisans alkòl yo sispann pandan pandemi kowonaviris la a 201. Ant lendi ak jedi swa, fòs entèvansyon milti ajans eta a, ki te dirije pa Polis Eta a ak Otorite Likè Eta (State Liquor Authority, SLA), te mennen 4,645 verifikasyon konfòmite, dokimante vyolasyon nan 14 etablisman -- prèv pozitif ke aktivite ranfòsman amelyore eta a ap redwi kantite etablisman k'ap bafwe règ sante ak sekirite ki gen rapò ak pandemi eta a. Biznis yo jwenn ki nan vyolasyon ak règleman COVID-19 la ap fè fas ak amann jiska 10,000 dola pou chak vyolasyon, pandan vyolasyon flagran yo kapab genyen kòm rezilta sispansyon imedya lisans alkòl yon ba oswa restoran.

Avèk retou etidyan kolèj yo pou semès otòn lan, Gouvènè Cuomo te mande otorite likè eta a pou ogmante efò pou asire ba ak restoran nan zòn kote etidyan kolèj yo reyini pou yo respekte tout mezi sante piblik yo. Jiska prezan, efò ranfòsman sa a jwenn vyolasyon flagran nan konte Cortland, Dutchess, Madison, Monroe, Oswego ak konte Schenectady -- ak vyolasyon ki mennen nan sispansyon somè lisans etablisman an. Avèk epidemi enpòtan ki lye a kolèj ak inivèsite yo atravè nasyon an, efò entansifye sa yo pral ede kenbe etidyan, pwofesè, anplwaye, ak kominote awwazinant nou yo an sekirite.

"Nouyòkè yo te travay ansanm pou yo sispann pwopagasyon koronaviris la -- men ak to enfeksyon nou an ki apeprè 1 pousan ak menas yon dezyèm vag sou orizon an, nou dwe double siksè estrateji ki te ede nou yo nans sis dènye mwa yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan ke li klè ogmantasyon ranfòsman an fòs entèvansyon nou an deja

fè yon enpak, nou pa ka kite tèt nou vin satisfè oswa pèmèt moun ki soti nan lòt eta yo enpòte endiferans pou règleman sante piblik enpòtan sa yo. Mezi sa a ta dwe sèvi kòm yon rapèl pou ti kantite etablisman ki ouvètmanbafwe règleman yo ke yo mete tout Nouyòkè yo an danje, epi yo pral rann yo esponsab."

**Prezidan Otorite Alkòl Eta a, Vincent Bradley, te deklare,** "Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, fòs entèvansyon nou an deja fè yon enpak reyèl e nou ap konstate pi bon konfòmite. Nou pral kontinye konbat ti kantite biznis ki kontinye opere an vyolasyon lalwa ak bon sans -- ki riske alafwa sante Nouyòkè yo ak pwogrè kontinyèl nou yo".

33 etablisman yo te bay òdonans ijans pou sispansyon somè ki soti nan Konsèy Otorite Alkòl Eta a sitiye nan Vil New York, Long Island, Mid-Hudson, Finger Lakes, Rejyon Kapital la, ak New York Santral. Men yon repatisyon konte yo anba a:

Nan Vil New York:

- Bronx - 1
- Brooklyn - 2
- Manhattan - 6
- Queens - 12
- Richmond - 1

An deyò vil New York:

- Albany - 1
- Cortland - 1
- Dutchess - 1
- Madison - 1
- Monroe - 1
- Nassau - 1
- Schenectady - 1
- Suffolk - 3
- Westchester - 1

Se Prezidan Bradley, Manm Komisyon Lily Fan ak Manm Komisyon Greely Ford ki te òdone sispansyon yo nan reyinyon espesyal Komisyon Konplè a ant 29 out ak 13 septanm, kote te fèt atravè yon videyo ki te anrejistre dijitalman sou enstriksyon distans sosyal yo. Yo enpoze Sispansyon Somè Ijans yo lè SLA a jwenn operasyon kontini yon biznis ki gen lisans menase sante ak sekirite piblik. Òdonans sispansyon yo sòti imedyatman epi rete an efè yon fason pèmanan, avèk pèn maksimòm lan ki gen ladan anilasyon pèmanan lisans ak amann jiska 10,000 dola pou chak vyolasyon. Moun ki gen lisans yo ki sijè a yon sispansyon dijans gen dwa ak yon odyans akselere devan yon Jij Administratif SLA.

33 ba ak restoran yo ke yo te sispann la nan lis anba la a, ansanm avèk enfòmasyon sou vyolasyon yo a ak dat sispansyon yo a.

**"Clubhouse" nan 325 Central Avenue nan Albany, nan dat 29 out 2020**

Nan dat 28 out la, baze sou kantite plent ke ba a gen twòp moun ki pa gen okenn distans sosyal, yon Envestigatè SLA te obsève disèt kliyan ap sikile andedan lokal yo san yo pa gen kouvèti vizaj. Te gen douz kliyan ki te chita nan ba a ak de ki te kanpe tou pre, pa gen okenn prèv ki montre ke yo te sèvi manje. Anketè a te kòmande yon bwason ki gen alkòl epi yo pa te ofri li oswa yo pa te egzije li achte okenn manje, yon vyolasyon Dekrè Egzekitif, koze pa yon sèvè san yon kouvèti vizaj. SLA a te eseye enfòmè etablisman an sou kondisyon yo anvan enspeksyon an, ak yon investigatè ki te kontakte biznis lan 24 out la pou diskite sou plent yo te resevwa -- yon anplwaye ki te reponn telefòn lan te sinyale ke pwopriyete a pa te disponib epi li te rakwoche pandan ke yo t'ap avize li de vyolasyon potansyèl yo.

**"Belle Harbor Yacht Club" nan 533 Beach 126th Street nan Queens, nan dat 29 out 2020**

28 out la, swit apre yon plent sou yon gwo rasanbleman, anketè yo avèk fòs entèvansyon milti-ajans Eta a te obsève apeprè uit kliyan ki te kanpe, ki te ap bwè, epi ki te rasanble nan yon pakin deyò espas la, kote yo te inyore enstriksyon sou distans sosyal yo. Yo te obsève apeprè senk anplwaye san kouvèti pou figi.

**"Karvouna Mezze" 241 Bowery nan Manhattan, nan dat 29 out 2020**

28 out la, investigatè ak fòs entèvansyon milti-ajans eta a te obsève yon jwè gita ak yon chantè san yo pa yon kouvèti vizaj ki t'ap pèfòme deyò lokal la. Apeprè ven kliyan -- pi fò nan yo pa gen kouvèti vizaj -- yo t'ap bwè, danse ak vyole règleman distans sosyal yo.

**"Temptations" nan 10 Carlough Road nan Bohemia, nan dat 1 septanm 2020**

29 out la, investigatè ak fòs entèvansyon milti-ajans eta a te obsève e apeprè dis kliyan ak anplwaye -- pi fò nan yo pa gen kouvèti vizaj -- to te kanpe, rasanble ak rete dirèkteman devan lokal yo, inyore direktiv distans sosyal yo. Lè yo t'ap antre nan etablisman an, investigatè yo te obsève plizyè anplwaye san yo pa kouvri figi yo, ki gen ladan de sèvè, plizyè gad sekirite, ak yon anplwaye ki t'ap pèfòme yon dans-kontak. Envestigatè yo te dokimante tou kliyan ki t'ap inyore distans sosyal andedan etablisman an, e pa gen okenn manje yo te obsève sou tab yo nan tout lokal la.

**"SoHo KTV & Bar" nan 32-02 Linden Place nan Queens, nan dat 1 septanm 2020**

30 out la, Biwo Cherif Vil New York (New York City Sheriff's Office) te reponn ak lokal yo aprè plent ke ba a te ouvri epi li t'ap opere avèk kliyan anndan, an vyolasyon ak Dekrè Egzekitif Gouvènè a. Biwo Cherif la te rapòte li obsève yon gwoup karant a senkant kliyan t'ap sòti nan batiman an apati sòti ijans lan pandan ofisye yo te rive. Ofisye yo te enspekte chanm karaoke yo anndan lokal la e yo te jwenn prèv kliyan yo te fèk kite, ki gen ladan manje ki rete ak boutèy alkòl ki pasyèlman konsome. Ofisye te jwenn yon lòt ven-twa kliyan, ansanm ak manadjè a, sou twati lokal la.

**"CJ Diamond Café" nan 41-02 College Point Boulevard nan Queens, nan dat 2 septanm 2020**

Premye septanm nan, Biwo Cherif Vil New York la te rive nanlokal la apeprè 11:30 p.m an repons a yon plent moun andedan lokal la epi obsève yon gwoup moun k'ap antre nan etablisman an. Lè yo tap antre, ofisye yo te jwenn trant kliyan anndan epi yo te temwen ant swasannkenz ak yon santèn kliyan anplis ki kite lokal la atravè yon sòti ijans. Ofisye yo te jwenn de chanm andedan lokal yo avèk kliyan yo ki t'ap chante, bwè ak plizyè ki t'ap fimèn -- an vyolasyon klè ak Dekrè Egzekitif Gouvènè a, ki te entèdi sèvis alinteryè depi 16 mas ak Lwa Lè Pwòp Anndan an (Clean Indoor Air Act) NYS la.

**"Plaza Papo Deli" nan 350-26 East Main Street nan Patchogue, nan dat 2 septanm 2020**

29 out la, apre yon operasyon pou kenbe minè yo kote yon ajan minè ak Depatman Polis Konte Suffolk (Suffolk County Police Department) te kapab achte alkòl nan Plaza Papo Deli, yon envestigatè avèk gwoup entèvansyon milti-ajans eta a te antre nan makèt la -- ki pa otorize pou sèvi alkòl pou konsomasyon nan lokal la -- epi yo te obsève dis kliyan ki t'ap bwè alkòl, koute mizik epi gade televizyon pa dèyè lokal la. Anketè a te dekouvri tou preskripsyon dwòg ilegal pou vann dèyè kontwa a epi Polis Konte Suffolk la te arete manadjè a pou divèsyon kriminel nan medikaman preskripsyon.

**"La Troncalena Lounge & Restoran" nan 102-10 37th Avenue nan Queens, nan dat 2 septanm 2020**

30 out la, envestigatè ak fòs entèvansyon milti-ajans eta a te obsève sis kliyan ki t'ap bwè anndan, plizyè anplwaye san mask, ak dis a kenz kliyan deyò a ki t'ap bwè epi yo pa te distanse sosyalman, youn nan ki t'ap chante karaoke, tout sa yo an vyolasyon flagran nan plizyè Dekrè Egzekitif Gouvènè a enkli yon Dekrè ki an plas depi 16 mas 2020.

**"Black Emperor Bar" nan 197 2nd Avenue nan Manhattan, nan dat 2 septanm 2020**

31 out la, envestigatè ak fòs entèvansyon milti-ajans eta a te obsève plis pase uit kliyan ki te kanpe, bwè ak reyini devan lokal ki gen lisans lan. Anndan an, envestigatè yo te obsève twa kliyan ki te chita ap bwè nan ba a ak yon kliyan ki te kanpe anndan ak yon bwason nan men li, tout sa yo an vyolasyon flagran nan plizyè Dekrè Egzekitif Gouvènè a enkli yon Dekrè ki an plas depi 16 mas 2020.

**"Las Lagunas Deli Grocery" nan 281 Saint Nicholas Avenue nan Queens, nan dat 4 septanm 2020**

2 septanm nan, ofisye NYPD yo te jwenn nèf moun andedan makèt sa a - ki pa otorize pou sèvi alkòl pou konsomasyon nan lokal la ditou -- yo t'ap bwè ak vyole règleman distans sosyal yo. Ofisye yo te dekouvri tou de aparèy jwèt videyo aza ilegal anndan lokal la.

**"Taqueria Diana" nan 524 9th Avenue nan Manhattan, nan dat 4 septanm 2020**

Nan dat 2 septanm nan, envestigatè yo avèk gwoup entèvansyon milti-ajans eta a te obsève senk kliyan yo t'ap bwè anndan lokal la, sa ki se vyolasyon flagran Dekrè Egzekitif 202.3 Gouvènè a, ki te entè sèvis manje alenteryè nan Vil New York depi 16 mas 2020. Kliyan yo pa mete kouvèti vizaj oswa pratike distans sosyal, epi yo te obsève

tou ni sèvè a ni yon anplwaye nan kwizin nan pa te kouvri vizaj yo. Biznis la se yon residivis, ak investigatè yo ki te obsève de kliyan andedan lokal 28 jiyè a.

**"Three Bear Inn" nan 3 Broome Street nan Marathon, nan dat 4 septanm 2020**

3 septanm nan, apre plent yo, yon anketè SLA te fè yon vizit sekre nan lokal la, obsève yon band ki t'ap jwe deyò a ak apeprè trant kliyan ki t'ap konsome alkòl epi ki te inyore règleman distans sosyal yo, ki gen ladan plizyè kliyan ki pa te mete kouvèti vizaj. Yo te jwenn lisansye a tou k'ap sèvi alkòl nan yon ba san lisans deyò a, san manje. SLA te deja avèti lisansye a apre plent sou vyolasyon distans sosyal nan fen mwa me ak nan kòmansman mwa jen an.

**"We Go KTV" nan 36-10 Union Street nan Queens, nan dat 4 septanm 2020**

4 septanm lan, an repons a 311 plent sou mizik byen fò ki soti nan lokal, investigatè yo avèk gwoup entèvansyon milti-ajans eta a epi ofisye avèk NYPD te obsève sis kliyan nan sal akèy la ki t'ap antre nan lokal la. Lè yo t'ap antre nan twazyèm etaj etablisman an, investigatè yo te dekouvri yon foul moun ke yo estime ki depase yon santèn kliyan. Aprè kliyan yo te kòmanse kouri ale atravè sòti ijans lan, ekip enspeksyon an te egzije backup nan men 109èm Komisarya a, epi ofisye NYPD yo te arete imedyatman de moun pou posesyon ketamin epi yo te bay de sitasyon tribinal kriminèl pou "sit dezòdone", enkli yon mank distans sosyal ak kliyan yo ki pa mete kouvèti vizaj nan tout etablisman an.

**"Off-Key Tikki" nan 32 Baker Place nan Patchogue, nan dat 4 septanm 2020**

Après plent sou vyolasyon distans sosyal yo, SLA te bay lisansye a yon avètisman pou l sispann epi deziste 25 out. Mwens pase yon semèn pita, nan mwa 29 out la, investigatè yo avèk gwoup entèvansyon milti-ajans eta a te obsève sèt kliyan ki te kanpe nan zòn sèvis eksteryè a san yo pa kouvri figi yo ak inyore règleman distans sosyal yo. Nan lannwit apre a, investigatè yo te retounen epi yo te jwenn plizyè kliyan kanpe, yo t'ap konsome alkòl ak melanje nan zòn nan ba andedan lokal la san yo pa kouvri figi yo, plizyè kliyan te chita nan ba san yo pa te plase a distans 6 pye, plizyè anplwaye san yo pa kouvri figi yo, ak plizyè kliyan ki t'ap sòti nan lokal la ak respinyan ki ouvri.

**"Sabor Norteno" nan 102-06 43rd Avenue nan Queens, nan dat 5 septanm 2020**

Nan dat 2 septanm nan, investigatè yo avèk gwoup entèvansyon milti-ajans eta a te obsève plis pase vennsèt kliyan anndan lokal la ki t'ap bwè alkòl, sa ki se vyolasyon flagran Dekrè Egzekitif Gouvènè a ki an plas depi 16 mas 2020, ki te entèdi sèvis manje alenteryè nan Vil New York.

**"The Skinny Bar Lounge" nan 174 Orchard Street in Manhattan, nan dat 5 septanm 2020**

4 septanm nan, investigatè yo avèk gwoup entèvansyon milti-ajans eta a te obsève plis pase ven kliyan san kouvèti vizaj ki te kanpe dirèkteman devan lokal yo, ki t'ap bwè san manje; yon anplwaye sa kouvèti vizaj; ak sèt kliyan apeprè senkant pye apati lokal la san yo pa gen kouvèti vizaj epi yo t'ap bwè alkòl.

**"Sushiva" nan 615 9th Avenue nan Manhattan, nan dat 5 septanm 2020**

4 septanm nan, envestigatè yo avèk gwoup entèkansyon milti-ajans eta a te obsève sis kliyan ki t'ap bwè ak manje anndan lokal la, sa ki se vyolasyon flagran Dekrè Egzekitif Gouvènè a ki an plas depi 16 mas 2020, ki te entèdi sèvis manje alenteryè nan Vil New York. Yo te fèk bay Sushiva lisans alkòl twa mwa avan, nan dat 1 jen 2020 an.

**"Sushiva" nan 41-14 162nd Street nan Queens, nan dat 7 septanm 2020**

3 septanm nan, envestigatè yo avèk gwoup entèkansyon milti-ajans eta a te obsève apeprè yon douzèn kliyan ki t'ap bwè andedan lokal yo, anplis de sa gen yon lòt douzèn nan sis chanm separe ki konstwi yon fason pèmanan nan patyo deyè a, tout sa yo se vyolasyon flagran Dekrè Egzekitif Gouvènè a ki te entèdi sèvis manje alenteryè ki an plas depi 16 mas 2020.

**"Marco's" nan 1071 Broadway nan Brooklyn, nan dat 7 septanm 2020**

4 septanm nan, envestigatè yo avèk gwoup entèkansyon milti-ajans eta a te obsève trant sèt kliyan ki t'ap bwè san manje nan lakou deyè lokal la, yon zòn ki gen yon kapasite maksimòm pou sèlman dizwit moun. Envestigatè yo te obsève tou kliyan anplis ki te achte bwason nan yon ba san ansansè, an vyolasyon klè ak Dekrè Egzekitif Gouvènè a.

**"Kochi" nan 652 10th Avenue nan Manhattan, nan dat 9 septanm 2020**

7 septanm nan, envestigatè yo avèk gwoup entèkansyon milti-ajans eta a te obsève apeprè ven kliyan dirèkteman deyò lokal la, yo te kanpe, to t'ap bwè ak inyore règleman distans sosyal yo, pi fò nan yo pa te gen kouvèti vizaj. Envestigatè yo te antre nan lokal la epi yo te obsève apeprè trant kliyan ak sèvè anndan lokal la, sa ki se vyolasyon flagran Dekrè Egzekitif Gouvènè a ki te entèdi sèvis manje alenteryè nan Vil New York depi 16 mas 2020.

**"Casa Rubio Restaurant" nan 98-05 Northern Boulevard nan Queens, nan dat 9 septanm 2020**

9 septanm nan, yon envestigatè avèk gwoup entèkansyon milti-ajans eta ak ofisye NYPD yo te obsève vennsèt kliyan ki t'ap manje anndan restoran an vyolasyon ak restriksyon sou sèvis manje alenteryè a ki an vigè depi 16 mas 2020. Envestigatè yo te obsève tou omwen trant kliyan ki t'ap manje deyò a sou tab ki plase dozado san yo pa pran okenn distans sosyal ak de anplwaye san yo pa kouvri figi yo. Envestigatè yo te obsève tou sèt kliyan ki t'ap tann pou yo antre nan lokal la san yo pa kouvri figi yo ak yon DJ ki enstale anndan, an vyolasyon ak lisans pa yo.

**"Klassique Bar & Lounge" nan 3813-3817 Boston Road nan Bronx, nan dat 9 septanm 2020**

5 septanm nan, envestigatè yo avèk gwoup entèkansyon milti-ajans eta a te obsève apeprè swasanndis kliyan ki te rasanble andeyò lokal la, avèk plis pase mwatye nan kliyan yo ki te kanpe epi ki t'ap bwè tou pre tab deyò yo. Envestigatè yo te obsève yon kliyan anndan lokal la ki t'ap bwè ak yon manm pèsonèl k'ap sèvi san yo pa gen yon kouvèti vizaj.



**"Masons on Alexander" nan 315 Alexander Street nan Rochester, nan dat 9 septanm 2020**

4 septanm nan, yon investigatè SLA te fè yon vizit sekre, li te dekouvri yon ba ki chaje moun ak anpil vyolasyon distans sosyal yo. Apre li te fin peye yon frè pou kouvèti ki se 5 dola, anketè a te achte yon byè san manje nan ba prensipal anlè a, li remake touletwa sèvè yo prezante te gen kouvèti vizaj ke yo te rale mete anba nen ak bouch yo. Anketè a te dokimante senkant senk kliyan tou pre zòn ba a, omwen dis nan yo te kanpe ak bwè san yo pa kouvri figi yo, epi anpil kliyan t'ap antre soti nan zòn nan, pandan yo te konplètman inyore kondisyon distans sosyal yo. Anketè a te obsève tou sèz kliyan nan zòn sousòl ba a, ki gen ladan sis ki te kanpe epi ki t'ap bwè, ak de sèvè ki pa te byen mete kouvèti vizaj yo. Anketè a te mande pou li kòmande manje e yon sèvè te di ke lokal la sèlman sèvi pòpkòn, yon reyalyte ke pwopriyetè a te konfime pita. Dirèkteman deyò ba a, anketè a te obsève dizwit kliyan, pifò nan yo te kanpe, yo t'ap bwè ak inyore distans sosyal la.

**"Sunny Grocery & Discount" nan 131-13 Jamaica Avenue nan Queens, nan dat 11 septanm 2020**

10 septanm nan, investigatè yo avèk gwoup entèvansyon milti-ajans eta ak ofisye NYPD yo te jwenn makèt la -- ki pa otorize pou sèvi alkòl pou konsomasyon nan lokal ditou -- ki t'ap opere kòm yon ba, ak senk kliyan ki t'ap bwè nan yon chanm ki nan do lokal la, ak yon enstalasyon irinwa enpwovize ilegal nan lakou a pou kliyan yo. Ofisye NYPD yo te arete moun ki gen lisans lan, yo te chaje li paske li opere yon klib boutèy san lisans ak vann sigarèt san taks.

**"3 in 1 Deli Grocery" nan 131-11 Jamaica Avenue nan Queens, nan dat 11 septanm 2020**

10 septanm nan, investigatè yo avèk gwoup entèvansyon milti-ajans eta a ak ofisye NYPD yo te obsève manadjè lokal la san yon kouvèti vizaj ak de kliyan ki tap bwè anndan etablisman an san manje, an vyolasyon ak restriksyon sèvis alenteryè yo an vigè depi 16 mas 2020. Sèt lòt kliyan t'ap konsome alkòl ak vyole règleman distans sosyal yo nan yon estrikti alenteryè san otorizasyon nan lakou a. Anplis de sa, yo te jwenn yon boutèy alkòl fò, preskripsyon medikaman, ak sigarèt nan etablisman an, menm si lisans yo sèlman otorize pou yo vann byè. Ofisye NYPD yo te voye yon sitasyon tribinal kriminel bay manadjè a pou divèsyon kriminel nan preskripsyon medikaman, vann sigarèt san lisans, ak mank konfòme li avèk Dekrè Egzekitif yo konsènan sèvis alinteryè a ak anplwaye san kouvèti vizaj.

**"Wolff's Biergarten" 165 Erie Boulevard nan Schenectady, nan dat 11 septanm 2020**

10 septanm nan, investigatè SLA yo te fè yon vizit sekre nan lokal la, obsève omwen trèz kliyan ki te kanpe epi ki t'ap bwè kòtakòt nan ba a. Pa te gen okenn prèv ki montre ke yo te sèvi okenn manje pandan enspeksyon karant minit lan, ak yon investigatè ki te kòmande yon byè pandan li te kanpe nan ba a, san yo pa te egzije li achte manje. Envestigatè yo te dokimante yon tab avèk trèz kliyan, an vyolasyon deirektiv Depatman Sante (Department of Health) a ak yon anplwaye san yon kouvèti vizaj. Yo te obsève anpil kliyan ki t'ap mache, melanje ak bwè nan tout lokal la san yo pa gen kouvèti vizaj.

SLA te deja avèti pwopriyetè lisansye a konsènan plent anplwaye yo ki pa kouvri figi yo ak kliyan ki kanpe ak konsome, tou de an vyolasyon ak règleman sante piblik yo.

**"Blue Bar & Grill" nan 30 North Broadway nan Yonkers, nan dat 11 septanm 2020**

9 septanm nan, an repons a anpil plent ak twòp bri ak vyolasyon distans sosyal yo, Depatman Lapolis Yonkers (Yonkers Police Department) ak Depatman Ponpye Yonkers (Yonkers Fire Department) te fè yon kontwòl konfòmite nan lokal la, yo te jwenn yon DJ k'ap jwe mizik byen fò ak sandiznèf kliyan ki fòme yon foul nan ba ki gen yon kapasite maksimòm swasantde moun sèlman dapre direktiv sèvis alenteryè Depatman Sante a. Ofisye yo te rapòte yon mank distans sosyal total anndan ba a, ak anpil kliyan ki pa mete kouvèti vizaj ak melanje ak bwè nan tout lokal la. Ofisye yo te note tou ke yo pa te sèvi manje e yo te jwenn pèmi manje biznis yo te ekspire.

**"Toku Modern Asian" nan 2014C Northern Boulevard nan Manhasset, nan dat 12 septanm 2020**

11 septanm nan, investigatè yo avèk gwoup entèkansyon milti-ajans eta te obsève yon liy kliyam ki long ki t'ap tann pou yo antre nan lokal la pandan y'ap inyore distansman sosyal ak jis yon ti kantite nan yo ki te mete kouvèti vizaj. Investigatè yo dokimante 118 kliyan byen kwense anndan lokal la, ki gen yon kapasite maksimòm ki se sèlman 90 moun dapre direktiv sèvis alenteryè Depatman Sante a. Te gen lòt 67 kliyan anplis ki te rasanble nan yon sal a manje deyò ki te gen yon kapasite maksimòm ki se sèlman 32 moun. Investigatè yo te obsève tou anpil kliyan ki t'ap achte bwason nan ba a san manje epi pote yo pou yo ale konsome deyò.

**"Joyce's Tavern" nan 3823-3825 Richmond Avenue nan Staten Island, nan dat 12 septanm 2020**

11 septanm nan, investigatè yo avèk gwoup entèkansyon milti-ajans eta te obsève yon tab ki gen dis kliyan anndan lokal la ki t'ap konsome bwason ak yon lòt tab ki te gen youn ki t'ap manje ak bwè anndan -- yo t'ap vyole restriksyon sou sèvis alenteryè yo ki an vigè depi 16 mas 2020.

**"Risky Business Café" nan 18 Lebanon Street nan Hamilton, nan dat 12 septanm 2020**

11 septanm nan, investigatè SLA yo te fè yon vizit sekre nan lokal la, yo te obsève apeprè kenz kliyan -- ki t'ap inyore distans sosyal la ak pifò nan yo pa kouvri figi yo -- yo t'ap tann pou yo antre nan etablisman an. Investigatè yo, ke anplwaye yo te anpeche yo antre okòmansman an, te obsève apeprè 70 kliyan anndan lokal la, malgre etablisman an gen yon kapasite maksimòm ki se sèlman 43 moun dapre direktiv sèvis alenteryè Depatman Sante a. Investigatè yo te dokimante majorite kliyan yo te kanpe epi yo t'ap konsome alkòl san yo pa kouvri figi yo, nan mank respè total ak règleman distans sosyal yo. Investigatè yo te note tou ke pa gen okenn manje ke yo te sèvi, ki te konfime pa pwopriyetè a ki admèt yo sèlman te gen pòpkòn ak sandwich krèm glase ki disponib pou achte.

**"Emmett Mahoney's Irish Pub and Steakhouse" nan 35 Main Street nan Poughkeepsie, nan dat 12 septanm 2020**



11 septanm nan, envestigatè SLA yo te obsève apeprè 50 kliyan anndan lokal la ki t'ap konsome alkòl, yo t'ap danse mizik DJ an dirèk, yo pa te mete kouvèti vizaj, ak inyore distans sosyal la. Yo te obsève ke pa gen okenn manje ke yo te sèvi, ak yon envestigatè ki t'ap kòmande yon byè pandan li te kanpe nan ba a san yo pa te egzije li achte manje. Envestigatè yo te obsève anplis apeprè 25 kliyan sou patyo deyò a, plis pase mwaye nan yo te kanpe ak epi yo t'ap konsome alkòl san yo pa kouvri figi yo.

**"Suenos Americano Bar Restaurant" nan 35-14 & 35-16 Junction Boulevard nan Queens, nan dat 13 septanm 2020**

12 septanm nan, ofisye NYPD reponn a plent bri apre 1nè: yo te jwenn lokal la ak pòtay devan fèmen. Lè yo fin obsève yon kliyan ki sòti Inan okal la nan yon antre akote a, ofisye yo te penetre anndan pou yo te jwenn apeprè 75 moun gwoupe andeyò zòn ba anndan yon sousòl -- yo t'ap opere an vyolasyon flagran ak Dekrè Egzekitif Gouvènè a ki an plas depi 16 mas 2020 ki mete restriksyon sou sèvis manje alenteryè nan Vil New York. Ofisye yo rapòte ke yo pa sèvi okenn manje epi anplwaye yo pa mete kouvèti vizaj, pandan ke imaj yo reflète gen plizyè douzèn kliyan ki te prezan san yo pa kouvri figi yo ak inyore règleman distans sosyal yo. Ofisye yo te temwen tou ekipman DJ ki ranje menm si lisansye sa a pa gen dwa gen yon DJ oswa opere kòm yon diskotèk.

**"Patrizia pizza" nan 35 Broadway nan Brooklyn, nan dat 13 septanm 2020**

12 septanm nan, envestigatè avèk gwoup entèvansyon milti-ajans eta a te obsève yon gwoup omwen ki gen 26 kliyan sou de tab dirèkteman deyò lokal la, an vyolasyon ak règleman distans sosyal Depatman Sante ak SLA yo. Andedan, envestigatè yo te obsève kliyan yo ki chita sou sis tab ki t'ap manje ak bwè, an vyolasyon flagran ak Dekrè Egzekitif Gouvènè a ki anplas depi 16 mas 2020 ki mete restriksyon sou manje anndan nan Vil New York.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)